

Vaksen Vitamin K: Poukisa tibebe m ki fenk fèt la bezwen li?

Kisa vitamin K ye?

Vitamin K se yon nitriman ki enpòtan. Kò a itilize l pou favorize kowagilasyon san ak pou estope emoraji.

Ki kote nou jwenn vitamin K natirèlman?

Nou menm adilt yo, nou jwenn vitamin K nan manje nou manje ak nan bakteri ki prezan nan entesten nou. Tibebe yo fèt ak nivo vitamin K ki ba, epi yo pa gen ase bakteri pou yo pwodwi vitamin K poukont yo.¹ Vaksen vitamin K a ogmante nivo vitamin K yo genyen ki ba lè yo fèt la.

Poukisa tibebe yo bezwen vitamin K?

Tout tibebe fèt ak nivo vitamin K ki ba.² Kantite sa a pa ase pou fè prevansyon kont yon maladi ki lakòz emoraji ki rele "emoraji akòz defisyans vitamin K (vitamin K deficiency bleeding)."

Kisai emoraji akòz defisyans vitamin K ye?

Emoraji akòz defisyans vitamin K se yon maladi ki lakòz emoraji kay tibebe. Yo ka fè prevansyon kont li gras ak yon sèl vaksen vitamin K yon ti tan apre nesans timoun nan. San vaksen sa a, emoraji akòz defisyans vitamin K ka fatal pou yon tibebe, menm si pa gen okenn blesi fizik. Emoraji akòz defisyans vitamin K rive lè tibebe pa ka sispann senyen paske san yo pa gen ase vitamin K pou li kowagile. Senyen an ka rive andedan oswa andeyò kò a. Lè gen senyen an andedan kò a, li ka difisil pou remake l. Yon tibebe ki gen emoraji akòz defisyans vitamin K ka senyen nan ògàn entèn yo oswa nan sèvo l, sa ki ka lakòz domaj nan sèvo a e menm lanmò. Pifò ka emoraji akòz defisyans vitamin K rive nan de (2) premye semèn lavi yo, men tibebe ki pa pran vaksen vitamin K a ka gen risk pou yo gen emoraji akòz defisyans vitamin K jiska laj sis mwa.¹

Èske tout tibebe nan New York oblije pran vitamin K?

Wi. Eta New York mande pou doktè k ap pran swen tibebe w la ba li vaksen vitamin K nan lespas sis èdtan apre nesans li pou anpeche emoraji akòz defisyans vitamin K. Akademi Ameriken pou Pedyatri (The American Academy of Pediatrics) an rekòmande pou yo bay tibebe ki fenk fèt yo vaksen vitamin K pa vwa entramiskilè.³ Y ap itilize vaksen vitamin K yo depi premye fwa Akademi Ameriken pou Pedyatri te rekòmande l la an 1961.

Èske bay tete ap ogmante nivo vitamin K tibebe mwen an?

Lèt tete se manje ki pi nourisan pou tibebe w la, men li pa gen ase vitamin K. Menmsi yon paran manje plis manje ki gen anpil vitamin K oswa li pran sipleman vitamin K pandan gwosès oswa pandan l ap bay tete, tibebe li a ap toujou pa gen ase vitamin K pou fè prevansyon kont emoraji akòz defisyans vitamin K.¹ Akademi Ameriken pou Pedyatri an rekòmande pou tout tibebe ki fenk fèt pran yon vaksen vitamin K, kit y ap pran tete kit se lèt fòmila y ap pran.⁴

E konsènan vitamin K ke yo administre pa vwa oral la?

Vitamin K pa vwa oral pou tibebe ki fenk fèt yo pa efikas pou pwoteje tibebe w la, epi Administrasyon pou Alimantasyon ak Medikaman Peyi Etazini (U.S. Food and Drug Administration) pa apwouve itilizasyon l pou tibebe ki fenk fèt yo.⁵ Yon vaksen vitamin K touswit apre nesans se pi bon fason pou fè prevansyon kont emoraji akòz defisyans vitamin K.

Èske gen risk potansyèl ki asosye ak vaksen vitamin K a?

Non. Depi 1961, y ap itilize vitamin K san danje pou fè prevansyon kont risk emoraji kay tibebe ki fenk fèt. Vaksen vitamin K a san danje epi li nesèsè pou tibebe w la.

Èske vaksen vitamin K a ap fè mal?

Paran yo pa renmen wè tibebe yo ap soufri. Tibebe yo santi yon malèz tou piti apre yo fin pran vaksen vitamin K a.⁶ Si w vle kalme tibebe w la apre vaksen vitamin K a, ou ka ba li tete, kenbe l pou fè kontak po ak po ak li oswa vlope l ak yon lenn.⁵ Tout bagay sa yo se yon fason ekselan pou rekonfòte tibebe yo.

¹ www.cdc.gov/ncbddd/vitamink/faqs.html

² www.mountsinai.org/health-library/diseases-conditions/vitamin-k-deficiency-bleeding-of-the-newborn

³ <https://www.healthychildren.org/English/ages-stages/prenatal/delivery-beyond/Pages/Where-We-Stand-Administration-of-Vitamin-K.aspx>

⁴ www.cdc.gov/breastfeeding/breastfeeding-special-circumstances/diet-and-micronutrients/vitamin-k.html

⁵ www.med.umich.edu/llibr/Pediatrics/VitaminKQuestionsAndAnswers.pdf

⁶ www.womenshealth.gov/pregnancy/childbirth-and-beyond/your-babys-first-hours-life